ISSN 0207-6551



*ЩОДЖЭНЦІЫКІУ Алий*

# МАЙ

Щхъуантlагъэ накъыгъэм
Допщlыпщlыр ди щlыгур,
Уафэгум и дыгъэр
Йоубзэр си щlыфэм.

Щlэжьейхэр анэбгъуухэм
Щоджэгухэр гуп-гупу,
Кlыгуугухэр хуэм-хуэму
Къыщоджэр псы lуфэм.

Сэ сщlэркъым кlыгуугухэм
Хьэщlакlуэ ираджэр,
Насыпым пагъаплъэу –
Мэз куухэм щlашэнур.

А джакlуэр сысеймэ –
Сэ нобэ сопагэ:
Кlыгуугухэм нэмыщlу
Нэгъуэщlи къызоджэ.

Сэ си нэм къыlуидзэр
Гуфlэжхэу къыспожьэр,
Жьы хуэмхэм мэ lэфlу
Зэрахьэр къызатхэр.

Зы бзукъым хуэусэу
Май мазэм пежьэфыр,
Зы удзкъым мы си гур
Зыхьэхуу сэ слъагъур.

Сэ зыркъым мы мазэм
Дихьэхыу хуэусэр,
Щlэращlэу хуэпауэ
Дэгуфlэр щlыгу дахэм.

Иреуэ я пшынэм
Хэку хуитым и бзухэр,
Щреджэ кlыгуугухэр
Нэщхъыфlэу си щlыпlэм.

*1940 гъэ.*

ДУНЕЙМ СЫТ НЭХЪ ІЭФІ, СЫТ НЭХЪ ДАХЭ, СЫТ НЭХЪ ЖЭР? – ЩЫЖАІЭМ, ПСЭ НЭХЪ ІЭФІЩ, ГЪАТХЭ НЭХЪ ДАХЭЩ, ГУ НЭХЪ ЖЭРЩ, – ЖИІАЩ.





## Щремыlэ зауэ!

Зауэ, зауэ, зауэ!..
Сыт щыlэ нэхъ lей?
Мафlэс, гуlэ, гуауэ,
Топгъауэ, лыгъей.

Мамырыгъэ гъащlэ
Зиlэм и насыпщ,
Зи дунейр щlэращlэм
Щlимыгъэкl и нэпс.

Къепсу дыгъэр хуабэу
Мамыр гъащlэр lэфlщ,
Ди гур зэхуэщабэу
Дыхъумэ – пщэдейр уэфlщ.

***СЭБАН Сабинэ,***
Тэрч къ., 2-нэ едж., 5-нэ кл.



## Иугъащlэ мамырыгъэм!

Ди лlыхъужьхэм, къимыкlуэту,
Хэкужь лъапсэр яхъумащ.
Текlуэныгъэм и махуэшхуэр
Гуфlэгъуэшхуэу къытхуахьащ.

А гуфlэгъуэрщ лъахэм и пщlэр
Уэгум нэскlэ зыlэтар,
Цlыкlуи ини зэхъуэхъужу
Май махуэшхуэр щlэлъэпlар.

Иугъащlэ мамырыгъэм!
Къремыхъу зауэ лыгъей!
Цlыхуу щыlэр щремыщlэ
Хуитыныгъэм, щlы хъурейм!

***ЩАД Ислъам,***
Налшык къ., 17-нэ еджэ., 1-нэ кл.
Егъ. ***ЩАД Эммэ***



## Мамырыгъэм и хъуэхъу

Уэгур – къащхъуэу,
Щlылъэр – щхъуантlэу,
Шэ фий макъ зым зэхэдмыхыу,
Зауэ гуlэ зыхэдмыщlэу,
Ди лlыхъужьхэр тщымыгъупщэу,
Ахэр дэ ди щапхъэ нэсу,
Насып диlэу, хьер ди куэду,
Мамырыгъэр щlым щытепщэу
Дыпсэуну Тхьэм ар жиlэ!

***КЪЭСКЪУЛ Даринэ,***
Налшык къ., 17-нэ еджэ., 3-нэ кл.

В. СУХОМЛИНСКИЙ

# АДЭМ И УЭСЯТ

Сергей и ныбжьыр илъэситху ирикъуатэкъым и адэр зауэм щраджам. Зэанэзэкъуэм сэлам щарихыжым адэм и къуэм зыхуигъазэри жриIащ: «Мы конвертым письмо дэлъщ, си щIалэ. Сэ псэууэ къэзгъэзэжынрэ зауэ губгъуэм сикIуэдэнрэ зыми ищIэркъым, мыр зехьэ. Илъэс пщыкIух ущрикъу махуэм зэтепхынщи укъеджэнщ. Мыр си уэсятщ».

Мазищ къудейщ адэм и письмо унагъуэм къазэрыхуэкIуар. Ахэри кIэщIт, зыIут зауэр зэрыгуащIэр къитхыу арат. Анэр военкоматым ираджэри къыжраIащ и щхьэгъусэр лIыхъужьыгъэ иIэу зауэм зэрыхэкIуэдар, пщIэ хуащIу Днепрыпс и Iуфэм зэрыщыщIалъхьэжар.

Анэр зэпымыууэ гъырт. Абы зришэкIыурэ Сергей цIыкIуи дэгъырт. Сыбыр Днепр пэжыжьащэщ, жиIэрт анэм, ауэ зауэр зэриухыу адэм и кхъащхьэм дыкIуэнщ.

Гъэхэр кIуэрт. Сергей хэхъуэрт. Илъэсипщl щрикъум, зэанэзэкъуэр Украинэм кIуэри адэм и кхъащхьэр зрагъэлъэгъуащ, щхьэщэ хуащIащ.

Конвертыр шкафым дэлът. Зэзэмызэ Сергей ар къиищтэурэ зэпиплъыхьт: «Сыту пIэрэ мыбы итыр? Си адэм сыт хуэдэ уэсят къысхуигъэнар?»

Сергей илъэс пщыкIух ирикъуным тхьэмахуэ иIэжу конвертыр стIолым къытралъхьащ. Мис, къэсащ апхуэдиз илъэскIэ зыпэплъа махуэр. Нэхумыщу Сергей и напIэр къызэтрипхъуэтри и анэм Iуплъащ. Ар жейртэкъым. И Iэпэхэр кIэзызу анэм конвертыр зэтрихщ, абы къыдиха письмо напэ гъуэжь хъуам телъэщIыхьри и къуэм хуиишиящ.

Сергей къоджэ:

*«Си щIалэ! Уэ нобэ ильэс пщыкIух урикъуащ. ЛIы ухъуащ. Уэсят пхузощI: Хэкум нэхь мылъку лъапIэ щIыхум иIэкъым. Уэрыншэу псэуфынущ уи Хэкур, ауэ уэ ухэкуншэмэ — зыми ущыщкъым, жьым зэрихьэ сабэм ухуэдэщ.*

*Уи Хэкур къыщыпхуэныкъуэн дакъикъэ уихуэмэ, Iэщэ къащти къыщыж! ЛIыгъэ щIапIэ ущихуэр абдежщи, Хэкум и бийм уи щIыб хуэбгъазэмэ — узикъуэкъым, икIи суриадэкъым!»*

Сергей письмом ба хуищIри еIущэщащ:

– Си адэ, узгъэпэжынкIэ быдэу тхьэ соIуэ.

Зэзыдзэкlар
*ДАРИЙ Хужь*

# ЖЭМТХЬЭЛЭ 2-НЭ КУРЫТ ЕДЖАПІЭМ И ЯПЭ КЛАССЫМ ЩЕДЖЭ САБИЙХЭМ КЪЫТХУАТХ




### ЩРЕМЫІЭ ЗАУЭ!

Зауэм нэхъ шынагъуэ щыІэкъым. ЦІыхум ар дауэ къигупсыса?! Зауэ бзаджэр ди хэкуми къылъэІэсат. Дэ абы щыгъуэ дыщыІэтэкъым.

Ди адэшхуэ-анэшхуэхэм зэрыжаІэжымкІэ, ди цІыхухэм гуэзвэгъуэу ятелъари, хэкІуэда сэлэт къомри ІупщІу ди нэгум къыщІохьэ.

МОЛЭ Дисанэ

### ТЩЫГЪУПЩЭНКЪЫМ Я ЛІЫГЪЭР

Гъэ къэс, майм и 9-м, дэ догъэлъапІэ ТекІуэныгъэм и Махуэшхуэр. Псоми дигу къыдогъэкІыж уэгур къащхъуэу, щІылъэр щхъуантІэу дуней мамырым дыщыпсэун папщІэ, зи псэр зыта ди сэлэтхэр. Ахэр нобэ щымыІэжми, зэрахьа лІыхъужьыгъэр зэи тщымыгъупщэну, къытхуагъэна дуней дахэр тхъумэну, едгъэфІэкІуэну псалъэ быдэ дот!

ШЭШЭН Динарэ

### ДЭ ДЫХУЕЙКЪЫМ ЗАУЭ!

Зауэм цІыхур фІым хуишэкъым, ирепсэу дэтхэнэ цІыхури, лъэпкъхэри зэгурыІуэу, зэдэІуэжу. Мис итІани нэ дэ ди нэгу щІэкІынукъым 1941-1945 гъэхэм ди Хэкум, ди сэлэтхэм я псэм телъа гуэзвэгъуэм хуэдэ. ИугъащІэ зэгурыІуэныгъэр!

МОЛЭ Ратмир

### ЗАУЭР – ГУАУЭ МЫУХЫЖЩ

1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм уІэгъэ куэд ди гум трищІащ. А илъэсиплІым цІыху дапщэ хэкІуэда зауэм! Абы ящыщ зыщ си адэшхуэм и адэ Шэрэдж ТІомэ иІыт ІІу и къуэр. Зауэр иухыным матІытІу и къуэр. Зауэр иухыным мазэ пщыкІубл къудейт иІэжыр ТІомэ щыхэкІуэдам.

ШЭРЭДЖ Рузаннэ

Зыгъэхьэзырар
УЭЛДЖЫР Аринэ

**«Къэкlуэну гъащlэр дапхуэдэу фи нэгу къыщlэвгъэхьэрэ?» Зеикъуэ дэт еджапlэ № 3-м и еджакlуэхэм сурэткlэ а упщlэм жэуап ират, ящlами топсэлъыхьыж.**



***Нэхущ Каринэ, илъэс 12.***

Мыр машинэщ, мыбы «Озоновая дыра» жыхуаlэр – озоныр пlащlэ, мащlэ щыхъу «гъуанэхэр» едыж,– гъащlэ щылэн щхьэкlэ.



***Хьэцlыкlу Къазбэч, илъэс 12.***

Сэ ди еджапlэм и сурэт сщlащ, лъатэу. Сэри 3090 гъэм апхуэдэу къэхъуатэмэ, сэри Москва сылъэтэнти концерт сеплъынт.



***Аскэр Мурат, 6 «Б» кл.***

Налшык - 2090 гъэ. Мафlэгущlэхэр къэунэхуащ я макъхэм жыжьэу хъыбар къуагъащlэу. Куэдкlэ нэхъ тынш хъуащ гъуэгухэм узэпрыкlыну. Техникэм зиужьащ.



***Шыгъушэ Идар, илъэс 11.***

Мы унэмкlэ сэ къалэу хъуам солъэтэф. Си деж куэд къопсалъэ, зыхуейхэр къызжаlэри, кlэнфети нэгъуэщl lэфlыкlи яхузошэ. Си унэри кlэнфетым ещхьу къуэлэнщ. Аргентинэм къысхуращlыкlыну сыхуейщ. Абы сэ кlэнфет яхуэсшэмэ, фlыуэ слъагъу топджэгуакlуэ цlэрыlуэ Месси сыуплъэнущ!



Дыщэкӏ Арианэ



***Хьэгъэжей Марьянэ, илъэс 11.***
Сэ сызэрыцӏыкӏу-рэ сохъуапсэ хур пщащэ (фея) сыхъуну. «Северное сияние» жыхуаӏэ нэхугъэ дахэм си нэ къыхуокӏ. Ар къэхъуну сыщыхуейр 2019 гъэрщ.



***Хьэцӏыкӏу Заурбэч, илъэс 11.***
Мы кхъухьлъатэр 2090 гъэм къагупсысынущ. Абы пшэхэм щхъухь къащхьэщех, щӏым телъ пхъэнкӏийхэр зэщӏекъуэ, хьэуар егъэкъабзэ. Мыр къыщыхъунур сэ илъэс 73-рэ срикъумэщ, е сыщымыӏэжущ.
Нэхъ щӏэхыу къагупсысарэт!



***Шыгъушэ Лианэ, 5 «А» кл.***
Илъэс 90 дэкӏмэ, цӏыхухэр насыпыфӏэу, псым есу, я щӏыналъэм и дахагъэм щыгуфӏыкӏыу псэунущ.



***Унэж Дианэ, 6 «Б» кл.***
Сэ унэрэ тхылъылъэрэ сщӏащ. Тӏури мэлъатэ.



***Шыгъушэ Щамил, 2 «А» кл.***

Зыгъэхьэзырар
***ХЬЭЛИЛЭ М.***



1

**Ди еджакIуэхэ, мы тхыгъэр гугъу фщыхъумэ, фи нэхъыжьхэм: адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм зыхуевгъэзэIуэтэж адыгэм и ЩIЭЖ МАХУЭР зищIысыр. Ар фэ фщIэн хуейщ.**

# Адыгэм и «Псэ жыгыр» мэкI

ЕджакIуэ цIыкIухэ, фэ, дауи, пластилиным дихьэх куэд къыфхэтщ. Дыхуейщ ди скульптор нэхъ Iэзэ дыдэхэм ящыщу дуней псом зи цIэр щыIуа ГъущIапщэ Арсен нэхъ гъунэгъуу фэдгъэцIыхуну. Мэзкуу В. И. Суриковым и цIэкIэ щыIэ институтыр къыщиухым, абы ищIа лэжьыгъэр апхуэдизкIэ ягу ирихьати, Академие художествым и дамыгъэ лъапIэу дыщэ медаль къыхуагъэфэщат. ГурыIуэгъуэтэкъэ ар зи къежьэкIэ щIалэщIэм иIэну ехъулIэныгъэхэр, дамыгъэхэр!

Илъэсищ ныбжьым иту Арсен дихьэхыу хуежьащ пластилиным. Япэ дыдэу а IэтIэлъатIэ IэмэпсымэкIэ къуэлэн цIыкIур къыщыхуащэхуам, ар сытым хуэдэу гуфIат! Абдеж сабийм IэпэкIэ пэщэщэн щыщIидзэри, къехъулIа хьэпшыпхэмрэ псэущхьэ цIыкIухэмрэ щыгуфIыкIыу зэпиплъыхьыжу хуежьащ. Ар лэжьыгъи Iэщiагъи хуэхъужащ щIалэм.



2

## Псэ жыгым теухуауэ

ЛъэныкъуитIымкIи къудамэхэр блырыблу докIуей: «ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ».

Къудамэхэр жыгыпкъым къыхокIри зэхуэкIуэу хохьэж: «ЩIым къыхэкIыр щIым хохьэж».

ЩхьэкIэр тIэпIын къудейуэ дыгъэм зыхуеший: «Лъэпкъ къуэпсыр гъужыркъым».

Бынжэу тху тетщ. Бынжэр узыншагъэм и нэщэнэщ: «ЩIэблэ узыншэр-пщэдейщ».

тегъэпщIэ 1

тебгъэпщIэну сурэтыр къыкIэлъыкIуэ нэпэкIуэцIым итщ

Фэ фщIэуэ къыщIэкIынщ майм и 21-р Урыс-кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм ди ЩIэж Махуэу зэрыщытыр. Ар илъэсищэ зауэт. Абы иужькIэ адыгэ лъэпкъ къудамэхэр зэкъуэча хъури, хамэ щIыпIэ куэдым Iэпхъуауэ щытащ ди лъэпкъэгъухэр. Нэхъыбэ дыдэ щыпсэур Тырку къэралырщ. А зауэм и фэеплъыр тхъумэу хэкIуэдахэр дигу имыхун папщIэ ГъущIапщэм скульптурэ зыбжанэ ищIащ. Налшык 2004 гъэм гъуаплъэм къыхэщIыкIауэ щагъэувa «Псэ жыгыр» япэщ *(сур. 2)*. 2013 гъэм Тыркум Истамбыл Хы ФIыцIэм и Iуфэм деж щагъэуващ абы хуэдэ «Псэ жыг», скъарым (мрамор) къыхэщIыкIауэ *(сур. 1)*. Апхуэдэ фэеплъхэр щагъэувынущ ди лъэпкъэгъу адыгэхэр щыпсэу къэралхэу: Америкэм, Израилым, Иорданием.

Гъущlапщэ Арсен и «Псэ жыгхэм» тхыдэм хэлъа гуауэмрэ зауэмрэ тщхьэщахыу уэгум хуокI, къэтIэпIын хьэзыру.

## 3 «ИстамбылакIуэ» проектитI: «Шу»; «Анэ»





Урыс-кавказ зауэм и фэеплъ лэжьыгъитI ди лъэпкъ зэкъуэчам хуищIащ ГъущIапщэм *(сур. 3)*. Адыгэр хэкум зэрыраша Хы ФIыцIэм и IуфитIыр зэпызыщIэ фэеплъитIыр къуршым къыгуэуда мывэу фIэкIа умыщIэну апхуэдэщ. Зыр – хэкум и хы Iуфэм, Сочи деж щагъэувынущ. Ар шу сурэтщ, псым зэпрыплъу. Абы къыхуэплъэу, хэкумкIэ къэхъуапсэу Тыркум и хы Iуфэм щагъэувынур бынитI зыщIыгъу анэм и фэеплъщ. Унагъуэ зэкIэрычам, лъэпкъ зэкъуэчам я фэеплъхэр щыплъагъукIэ, уи гум зехуз, ауэ ахэр зэхуэзэжынуи гугъэ уощI. А фэеплъхэм 2011 гъэм лъэтеувэ зэIущIэ щыхуащIауэ щытащ Мэзкууи Тырку къэралми.

*ЩремыIэ зэи зауэ, лъэпкъ псэ жыгыр ирырекI!*

***ГъущIапщэ Арсен*** теухуауэ ***Хьэвжокъуэ Людэ***
и тхыгъэ къэдгъэсэбэпащ



www.arsengu.com

**АКЪЫЛЫР – ЛЭНДЫЩЭЩ, ГЪЭСЭНЫГЪЭР ДЫЩЭ ЖЫГЩ.**

*(Адыгэ псалъэжь)*

*Ди лъэпкъым жыгым пщIэшхуэ хуищIу къекIуэкIащ. Iыхьищу игуэшт а къэкIыгъэ лъапIэр, щIы щIагъыр, щIы щхьэфэр, уэгур иризэпищIэу. Жыг Гуащэ и хъыбарыр фщIэжмэ абы Лъэпщ жриIар дигу къэдвгъэгъэкIыж: «Си лъабжьэр кууэ щIым хохьэ, си щхьэкIэр уэгум йохьэ, сэ езыр дунейм сыщызоплъэри абы и щэхуу сымыщIэ щыIэкъым».*

*Дынабдзэгубдзаплъэщ адыгэр, зэгъэпщэныгъэхэмкIэ ди бзэр щIэкъулейри ращ. КъэкIыгъэхэм ящыщу жыгым ехьэлIа зэгъэпщэныгъэ, фразеологизм куэд хэту зы хъыбар фхузэхэтлъхьащи, ахэр къэвгъуэт, къыхэфтхыкI, псалъалъэмкIэ жыг лIэужьыгъуэхэр къафщIи, хъыбарым адэкIэ фэ езым къыпыфщэж. Дауэ иухыну пIэрэ ар?..*

# ЗЭКЪУЭШИТI

Астемыр *бэрэжьей*[1] гущэ ирапIыкIат. *Iэнейм*[2] и быдэхэр и гущэ натIэт, *чэщейм*[3] и къабзэхэр и гущэ дзажэт, *блашэ*[4] тхыцIафэр и гущэпст, *шамбырым*[5] и дахэхэр и гущэ башт. Апхуэдэ гущэ хэлъар, дауи, унагъуэ хуэщIат икIи кIасэ цIыкIути, щыкIыгъуафIэт. Абы и закъуэт! А сабийр апхуэдизкIэ дахэти, и нэгум гъатхэщIэ жыгыу ущызэкIэщIэплът: *уэздыгъейуэ*[6] нур къыпихт, и нэкIу хъурейр мыIэрысэ хъуауэ тхъуэплът, и нэ цIыкIуитIыр *къыпцIэ*[7] фIыцIэт. АрщхьэкIэ, ар апхуэдизкIэ ягъафIэурэ ягъэудэфати, *екIэпцIэ*[8] уанэ тес нэхъейуэ дрипсырийт, бжьыхьэ жьыбгъэм зэрихуэ тхьэмпэу щхьэпст. Къэхъуари-къэщIари умыщIэу абы и нэкIур къыпцIэ мыхъуу зэригъэлъэнт аби, теуэнт-тепкIэнт, жьым къыпиуда тхьэмпэу зричынти щIэпхъуэнт. КъэхъуамкIэ уеупщIмэ, блашэ тхьэмпэу и напIэр къригъэлIыхынти дэкум хуэдэу укъигъэпцIэнт. Астемыр цIыкIухукIэ и гугъу ящIакъым. АрщхьэкIэ, ар зэнзэныпс зыщIакIэ жыг цIынэу дэжейрти и къиинагъми езым щIыгъуу хэхъуэрт. Абы и къуэш нэхъыжь Ашэмэз жыгыщхьэрысым хуэдэу абы къыкIэлъыплът. Ар езыр щIалэ Iэсэ щхьэкIэ, *щихум*[9] хуэдэу дэкIеят, *жыгейм*[10] и къарур хэлът, къэбгъэгубжьмэ, чы лантIэу узэблишыфынут. УщымышынапIэр иIэт?!

Зэгуэрым, Ашэмэз и къуэш нэхъыщIэр къриджэри я мэлыIуэр чэщейм хуэдэу къигъэкъэбзэну жриIащ. Модрейм ар къыпхуидэнт, цыджанышу къытехьэщ аби, щиху тхьэмпэу щхъыщхъащ. Нэхъыжьыр пыгуфIыкIри: – «Аурэ зыпщIынум *балий*[11] мыхъу уэзгъэшхынщ», – жиIащ. Астемыр къэуцIыплъри зихъунщIащ. Ашэмэз и Iэпэр дадэ и *хьэмкIутIей*[12] башымкIэ щишийм, шынэхъыщIэр тIэкIу IукIуэтри кIийуэ хуежьащ, пщIантIэм Iуэхуу дэлъыр езым и закъуэ ирагъащIэу жиIэу. Ар пцIышхуэт. Абдеж Ашэмэз и нэкIум бжьыхьэ пшагъуэ къытрихуэри нэщхъ ищIу и къуэшым бгъэдэкIуэтащ: – «ПцIым хуэдэу цIыхур зыгъэпуд щыIэкъым. ПцIы быупсу зэрызэхэсхыу кхъужь мыхъуу узубэрэжьынщ!»

АдэкIэ къэхъуар сыту пIэрэ? Фэ пыфтхэж…

## ЖЫГХЭМ Я ПСАЛЪАЛЪЭ:

[1] **Бэрэжьей** – бузина
[2] **Iэней** – явор (бгылъэхэм къыщыкI клен)
[3] **Чэщей** – самшит
[4] **Блашэ** – клен лIэужьыгъуэ (тхьэмпэ папцIэу)
[5] **Шамбыр** – бамбук
[6] **Уэздыгъей** – сосна
[7] **КъыпцIэ фIыцIэ** – слива
[8] **ЕкIэпцIэ** – ольха
[9] **Щиху** – тополь
[10] **Жыгей** – дуб
[11] **Балий** – вишня
[12] **ХьэмкIутIей** – боярышник.

Зыгъэхьэзырар
***АБРОКЪУЭ Б.***

# ПСЭ ЖЫГ

Мы сурэтыр къыхэгъэж, ипэ ит напэкІуэцІым дэгъапщІэ, уигу иумыгъэху



## ХЭТ НЭХЪ ЩIЭХЫУ ИЛЭФЫНУ МЫ СУРЭТЫР?
## СУРЭТЫЩI ЦIЫКIУРА, ХЬЭМЭРЭ ЕСЭПЫР ФIЫУЭ ЗЫХУЭЩIЫРА?
## ФЫЗЭПЕУЭ!




9, 16, 18

10, 6

7, 3, 2, 17

15, 11

12, 5, 14

# Самирэ утыку йохьэ



Къущхьэ Самирэ «Гимназие № 4»-м и 1 классым щоджэ. Илъэситl ипэкlэ «Эрудит» сабий творчествэмкlэ центрым гимнастикэм зыхуигъэсэн щыщlидзащ.

Егъэджакlуэм яригъэлъагъухэр фlы дыдэу зыхэзылъхьэ Самирэ псынщlэу хэзэгъащ Чумаченкэ Еленэ игъэхьэзыр «Сабиигъуэ» хореографие ансамблым, икlи зэхьэзэхуэ зэмылlэужьыгъуэхэм зыкъыщигъэлъэгъуащ.

Мы гъэм къриубыдэу хъыджэбз цlыкlур зыхэт гупыр зэпеуэ зыбжанэм щыlащ. Щlышылэм (февралым) и 29-м «Сабиигъуэ» ансамблыр «хореографие» унэтlыныгъэмкlэ пашэ щыхъуащ зи ныбжьыр илъэсих-блым итхэм я зэхьэзэхуэу Псыхуабэ (Пятигорск) щызэхэтам. «Щlымахуэ таурыхъ» дунейпсо зэпеуэм и «Гъэм и лъэхъэнэхэр» проекту Налшык щекlуэкlам Самирэ зыхэта гупым етlуанэ увыпlэр щиубыдащ.

Ди гуапэщ пщащэ ныбжьыщlэ цlыкlум дяпэкlи и текlуэныгъэхэмкlэ дигъэгуфlэну.

# Дудар зэкъуэшхэр

Зэкъуэшитlым я нэхъыжь Алим илъэс пщыкlущ мэхъу. И ныбжьыр илъэсихым иту тхэквондом хуабжьу дихьэхащ. Щlалэ цlыкlум Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ставрополь куейм, Кавказ Ищхъэрэм щекlуэкl зэхьэзэхуэхэм медалхэр, кубокхэр къыщихьащ.

Дудар Алим тхэквондомкlэ «бгырыпх плъыжь» иlэщ. Абы и дэтхэнэ зэпэщlэтыныгъэхэми бгъэдыхьэкlэщlэ хуиlэу зыхуегъэхьэзыр.



Иджыпсту щlалэщlэм зыщегъасэ «Эльбрус» клубым. Iэпщэрыбанэ-зэзауэ лlэужьыгъуэм ар хуегъасэ тренер цlэрыlуэ Къаныкъуэ Заур.

Мухьэмэд къуэш нэхъыжьым и лъагъуэм ирикlуащ. Абыи тхэквондом зыхуигъэсэн щlидзащ илъэсихым. Арщхьэкlэ, Iэпщэрыбанэр зи гум нэхъ дыхьа щlалэ цlыкlум а спорт лlэужьыгъуэр къыхихыжащ. Иджыпсту Мухьэмэд къуэш нэхъыжьым и гъусэу «Эльбрус» клубым зыщегъасэ, Къаныкъуэ Заур и нэlэ тету.

«Сэ къызгуроlуэ спортсмен лъэрызехьэ ухъун папщlэ гугъуехь куэд къызэбнэкlын зэрыхуейр, ауэ сэ сыкъимыкlуэту текlуэныгъэм сыхуэкlуэнущ», – жеlэ зи ныбжьыр илъэсий фlэкlа мыхъу Мухьэмэд.

*ЖЫЛАСЭ Замир*



# КЪЭЩIЭРЕЙ

1 Къуажэхьхэм я жэуапхэр мы сурэтхэм къахэфхи плIимэхэм ифтхэ.

Вакъэ лъапэ кIыхь,
мэз щIыхьэрей.



Ди бжыхь лъабжьэ
хьэ дзэкъэрей щIэсщ.



Жыжьэу уеплъмэ –
уэс Iэтэ,
екIуэталIэмэ – Iупэплъ.



Сабыныфэ – щIыфэ щхъуантIэ,
кумбым ипкIэ – къипкIэтыж.



Зи щхьэр щхъуэкIэплъ,
зи кIэр куэтэн шэрхъ.



Зэшищым зы пыIэ
ящхьэрыгъщ
(псалъитIу зэхэтщ).



Нэ куэд зиIэу нэху
зымылъагъу.



Хьэлъэ темылъу бом
щIэмыхьэ.



МэжалIэм – маджэ,
ЗигъэнщIамэ –
мэжьэгъуашхэ,
Ди сабийхэр егъашхэ.



ЩIымахуэм хужь цIыкIущ,
Гъэмахуэм – гъуабжэщ.
Зыми и жагъуэ имыщI,
Псоми езыр ягъащтэ.



2 Къуажэхьхэм я жэуапхэр зэкIэлъыфтх (плIимэхэр зэрыла плъыфэхэм гу лъыфтэу), зыщIэт я бжыгъэхэр къэфлъытэурэ. Жэуапхэм я хьэрф бжыгъэу къэдгъэлъагъуэхэр къыхэфтхыкI мы щапхъэм тету:

4 2 3 9    7 7 3 6 2    8 7 3 2    7 2 6 9

3 ПсалъиплIу зэхэт псалъэухам зи гугъу ищIыр сыт? Флъэгъуа? Къытхуэфтх.

*Зыгъэхьэзырар*
***АБРОКЪУЭ Беллэщ***
abrokue@mail.ru



***НЭГЪУЕЙ Саидэ*** и ныбжьыр илъэситхум итщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и къудамэу спорт къафэхэм щыхуагъасэ еджапlэ студием хэтщ. «Ипэкlэ кlуэтэн»,– ар зи фlэщыгъэцlэ гупым екlуалlэ сабий нэхъыщlэхэм ящыщщ. Я гъэсакlуэр ***Михайленкэ Светланэщ.*** Саидэ зыхэт гупым текlуэныгъэ куэд яlэщ. Нэхъыбэжкlэ дащогугъ.


ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»

Издается
С 1 января 1982 года
№ 5 2017 г.

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям
Общественная организация «Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
**Б. М. АБРОКОВА**

Редколлегия:
**Х. КАРМОКОВ**
**А. КАРМОВА**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**Н. ХАТУЕВ**

Художественный редактор
**М. ХАЛИЛОВА**

Компьютерный набор и вёрстка
**Н. РАСТОРГУЕВОЙ**

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07–00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
10.05. 2017 г.
Выход в свет 29.05. 2017 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Firenight, beer money, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 3175 экз.
Заказ № 61
Индекс 73912

**Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России – 11,64 руб.; за 6 мес.– 69,84 руб.**

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: **42-17-53, 42-75-30**
**nur46@mail.ru**

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР – Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в типографии
ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.